

SELLAL DOXU NAAN CI WALL GU JAMP

JËFANDIKOL NDOX BUÑU SELLAL SAA BOOY NAAN, TÓGG, SAA BOOY DEFAR LIÑUY NAAN, SAA BOOY RAXAS NDAB AK SAA BOOY RAXAS SAY BËÑ.

❑ Jëfandikoo **ndox bu nekk ci biteel** walla ndox boo sellal te denc ko ngir ab dencandi ndox gu jàmp.


❑ **Baxalal ndox**, sudee amoo ndox ci biteel. Baxal ndox dina mën a ray mikorob yi y loré.

– Budee ndox bi daa lëndëm, baayi ko mu dàl ba noppì nga ségg ko ak ab morso bu set, këyitu wà nag walla seggukaayu kafé.

– Baxal ndox mi ci ab kasarool ci lumu neew bénn ba ñett simili.

– Baayil dox mi mu dàl boo noppée nga denc ko ci denckaay yu sell té am kubeer.

– Ngir safal tuuti ndox mi nga tàngal, yókkal tuuti xorom ci benn ci ñent yoo jël walla ci litaru ndox gu nékk, walla ngay jéri dox mi ci denckaay yu sell yi yón yu bari.



❑ **Sélal ndox ak orsawelu kér**, budee mën oo baxal ndox. Jëfandikoo saa su né orsawel ordineer bu amul parfoñ yuñuy jëfandikoo ngir sélal walla ray jàngoro ni ko etiket bi wonée.

Bul jëfandikoo orsawel yu am parfoñ, walla yuy yàkk mélo, walla orsawel yuñu yókk yeneeni raxaskaay.

– Budee ndox bi daa lëndëm, baayi ko mu dàl ba noppì nga ségg ko ak ab morso bu set, këyitu wà nag walla seggukaayu kafé.


– Utël barab bu set ngir say garabu faju walla sa boyetu faju bu njékk.

– Utël orsawel bu baax walla orsawel kolorin biñ denc ci tàngoorug neeg ci lu matul àt. Warnañ bind ci etiket bi ni amna 8.25% sodium hypochlorite.

– Jëfandikool xët gi ci top ngir xam ñaata orsawel nga war a yokk ci ndox mi, ci misaal, yokk 6 tokku orsawel ci liteeru ndox bu nekk. Yokkal ñaari yón budee ndox mi daa lëndëm, mu am mélo walla mu sédd guy.

– Yengël te nga baayi mu dàllu 30 simili. Ndox mi warna am tuuti xetu kolorin. Budee amul, bamtuwaatal doos bi te nga baayi mu dàllu 15 simili balaa nga koy jëfandikoo.

– Budee xetu kolorine bi daa kawé, sottil ndox mi ci diggànte denckaay ndox yi te nga baayi mu dàllu ay waxtu balaa nga koy jëfandikoo.



Tolluwaayu Ndox	Ñaata Orsawel nga war a Yokk †
1 ci ñent boo jël/liteer	2 tokk
4 liteer	6 tokk
8 liteer	12 tokk (1/8 kuddu kafé)
16 liteer	1/4 kuddu kafé
32 liteer	1/2 kuddu kafé

Ngir yeneen leeral:

<http://www.ready.gov/water>

<https://www.redcross.org/>

<http://water.epa.gov/drink/emergprep/emergencydisinfection.cfm>